



The Commonwealth of Massachusetts

DEPATMAN ITILITE PIBLIK (D.P.U.)

D.P.U. 24-15-A

12 Septanm 2024

Sa se yon Anons sou Ankèt Depatman Itilite Piblik la te fè konsènan Rekèt sou Konsomasyon Enèji avèk Fokis sou Enèji Bon Mache pou Abitan ki Peye To a.

LÒD TANPORÈ SOU PWOCHEN ETAP NAN ANKÈT KONSÈNAN ENÈJI BON MACHE

I. ENTWODIKSYON

Nan dat 4 janvye 2024 la, Depatman Itilite Piblik la (apre sa n ap jis rele 1 “Depatman an”) te pibliye yon Vòt ak Lòd ki te ouvri ankèt sa a pou egzamine konsomasyon enèji avèk fokis sou enèji bon mache pou abitan ki peye to a. An patikilye, Depatman an ap chèche konsidere si yo ka pote amelyorasyon nan politik ak pwogram ki deja egziste ki abòde kesyon enèji bon mache, yon fason pou asire nou maksimize kantite moun ki patisipe nan pwogram sa yo e pou detèmine si gen lòt pwogram ki gendwa pwofitab pou abitan ki peye to yo pou jwenn sèvis kouran ak gaz nan men konpayi Leta yo.

Nan Vòt ak Lòd la, Depatman an te chèche kòmantè sou sijè ki konsène fason pwogram enèji rezidansyèl bon mache yo fèt, ranje pwogram jesyon, pwoteksyon kont koupe kouran/gaz moun, ak fason moun ka enskri nan pwogram enèji bon mache yo. Depatman an te jwenn kòmantè nan men plis pase 100 moun ki enplike ki enterese, sa gen ladan l moun ki fè pati pèp la, avoka, ak antite Depatman an kontwole. Sa yo gen ladan yo antite ki vin apre yo, epi nou pale sou kòmantè yo te fè yo pi devan: Konpayi Gaz Boston an k ap fè biznis antanke Rezo Nasyonal la, Konpayi Elektrik Massachusetts la, ak Konpayi Elektrik Nantucket la, chak ap fè biznis antanke Rezo Nasyonal (apre sa n ap jis rele yo “Rezo Nasyonal” la), Konpayi Elektrik Transmisyon ak Fyablite Sistèm Elektrik New England (NSTAR) k ap fè biznis antanke Enèji Eversource, Konpayi Gaz NSTAR, ak Konpayi Gaz Eversource Massachusetts la, yo chak ap fè biznis antanke Enèji Eversource (apre sa, n ap jis rele yo “Eversource”), Konpayi Gaz ak Limyè Elektrik Sitchburg la k ap fè biznis antanke United (apre sa, n ap jis rele yo “United” ki vle di “Ini”), Konpayi Itilite Libète (Konpayi Gaz Natirèl New England) k ap fè biznis antanke Liberty (apre sa, n ap jis rele 1 “Liberty” ki vle di “Libète”), ak Konpayi Gaz Berkshire a (apre sa, n ap jis rele 1 “Berkshire”) (ansanm, n ap rele yo “Konpayi Distribisyon” yo); Avoka Jeneral Eta a (n ap jis rele 1 “Avoka Jeneral” la); Depatman Resous Enèji (“DOER”); Fondasyon Dwa Eta a

(“CLF”); moun k ap plede pou anviwònman an ak konsomatè yo; Sant Dwa Konsomatè Nasyonal la (“NCLC”); Rezo Enèji Bon Mache pou Moun Revni Fèb (“LEAN”); Konsèy Ameriken pou yon Ekonomi ki Ekonomize Enèji (“ACEEE”); Konsèy Enèji Nòdès la (“NECEC”); Konsèy Planifikasyon Zòn Gwo Vil la (“MAPC”); Vote pou Solè; Sant Acadia; Vil Boston an; ak Akò Limyè Cape.

Nan dat 24 jan 2024, apre yo te fin egzamine kòmantè yo, Depatman an te fè yon reyinyon vityèl ki te dire tout jounen an ki te yon Atelye sou Konsomasyon Enèji (apre sa, n ap jis rele l “Atelye” a); te gen entèprèt nan sis lang apa anglè epi te gen anviwon 100 moun ki te asiste l. Pwogram Atelye a te kòmanse avèk yon apèsi sou konsomasyon enèji a e se RMI (anvan yo te rele yo Enstiti Mòn Wòch yo, sa ki bay sig “RMI” ann anglè). Apre sa yo te fè yon seyans diskisyon sou sijè sa yo: jistis anviwòmnantal; pousantaj plan pèman revni (“PIPP” ann anglè);¹ to avèk rabè diferan nivo (“TDR” ann anglè);² diminye konsomasyon enèji pa mwayen chanjman to ak pwogram ekonomi enèji; sansiblizasyon kliyan ak demografik; verifikasiyon ak enskripsyon; ak pwennvi yon kliyan revni fèb sou verifikasiyon, enskripsyon, sansiblizasyon kliyan, ak rabè.

¹ Selon yon PIPP, konsomatè ki kalifye yo peye yon pousanntaj revni yo detèmine davans pou sèvis itilite yo; bòdwo gendwa limite a yon sèten pousantaj chak mwa, epi yo gendwa adapte nivo byenfè yo pou atenn objektif yo fikse anrapò ak sa k bon mache pou konsomatè a (Prezantasyon NCLC te fè nan dat 18 jan 2024 a 3, <https://fileservice.eea.comacloud.net/FileService.Api/file/FileRoom/19232265> (dènye vizit: 19 out 2024)).

² TDR ofri diferan nivo rabè selon revni moun nan e yo fokis dirèkteman sou konsomasyon enèji pou gwooup moun diferan nivo revni, avèk gwo rabè pou kliyan ki pi pòv yo epi mwens rabè pou kliyan ki gen plis revni (Prezantasyon Konpayi Distribisyon yo te fè 17 jan 2024 a 5, <https://fileservice.eea.comacloud.net/FileService.Api/file/FileRoom/19223735> (dènye vizit: 19 out 2024); prezantasyon RMI te fè nan dat 17 jan 2024 RMI a 24, <https://fileservice.eea.comacloud.net/FileService.Api/file/FileRoom/19223723> (dènye vizit: 19 out 2024)). Pou kounye a, chak Konpayi Distribisyon ofri yon sèl rabè fiks pou tout fanmi revni fèb yo epi gen ampli ladan yo ki te pwopoze yo revize to sa yo pandan ane ki sot pase yo. D.P.U. 24-15, Vòt ak Lòd a 6.

Sou baz kòmantè yo te jwenn ak Atelye a, Depatman an detèmine gen kèk domèn tout moun antann yo, jan n note sa pi devan. Mete sou sa, pou pi byen fokis demach yo, Depatman an chwazi fè yon detèminasyon preliminè nan 2 domèn presi, selon kòmantè ki empòtan ak lòt diskisyon ki pral fêt. Sepandan, pou pifò nan kesyon yo, nou twouve opinyon yo twò diferan e gen twòp kesyon toujou pou n ta pran desizyon kounye a san nou pa jwenn plis kontribisyon. Kidonk, nou devlope yon seri kesyon ki pi dirèk pou n ka jwenn kontribisyon sou kesyon sa yo. Nan fen Lòd la, nou bay enstriksyon sou ki jan pou w bay repons pou kesyon sa yo e pou w fè kòmantè sou nenpòt nan kesyon nou abòde yo. Anplis de sa, nou prevwa nou pral fè seyans teknik pou facilite diskisyon sou kesyon sa yo e sou nenpòt lòt kesyon nou bezwen pran desizyon sou li toujou.

II. DOMÈN TOUT MOUN ANTANN YO

Pwen ki vin apre yo reprezante domèn tout moun antann yo selon kòmantè nou te jwenn yo.

- A. Pwogram enèji bon mache yo dwe fèt yon fason pou total konsomasyon enèji moun ki lakay yo pa plis pase 6 poustan (kòmantè Konpayi Distribisyon yo a 17, 19, 21; kòmantè Avoka Jeneral la a 11; kòmantè NCLC a 5, 9-10; kòmantè Sant Acadia a 3, 6; kòmantè ACEEE a 1-2).³
- B. Pou kalifye pou pwogram enèji bon mache yo, sa dwe kontinye baze sou ni revni fanmi an, ni gwosè fanmi an, pa sèlman revni an (kòmantè Konpayi Distribisyon yo a 7, 18; kòmantè Avoka Jeneral la a 5 ak n.11, 8, 19; kòmantè LEAN a 8).
- C. Ni kliyan ki bezwen chofaj, ni kliyan ki pa bezwen chofaj dwe kontinye kalifye pou pwogram enèji bon mache yo (kòmantè Konpayi Distribisyon yo a 21; kòmantè Avoka Jeneral la a 18-19; kòmantè NCLC a 12; kòmantè LEAN a 9).

³ Depatman an rekonèt total konsomasyon enèji, kèlkeswa kalite sous enèji a, pa dwe plis pase 6 poustan, men Depatman an pa kontwole luil, pwopànn, oswa lòt kabiran yo chofe kay avè yo. N ap tann kòmantè ki gendwa ede nou devlope politik ki pwofitab pou tout kay Massachusetts yo, kèlkeswa sous enèji yo itilize.

- D. Kliyan ki dwe yo pa dwe kontinye kalifye pou pwogram enèji bon mache yo (kòmantè Konpayi Distribisyon yo a 13; kòmantè Avoka Jeneral la a 8; kòmantè NCLC a 6; kòmantè LEAN a 9; kòmantè CLF a 6; kòmantè Vote Solè a 1; kòmantè Sant Acadia a 4; kòmantè MAPC a 2).
- E. Enèji bon mache ak sansiblizasyon dwe sible popilasyon Jistis Anviwònmantal yo ak fanmi ki kalifye parapò ak revni yo ki pa fè pati popilasyon Jistis Anviwònmantal yo (kòmantè Konpayi Distribisyon yo a 16; kòmantè Avoka Jeneral la a 11, 14; kòmantè NCLC a 8-9; kòmantè LEAN a 8-9; kòmantè CLF a 7-9; kòmantè Avoka Anviwònmantal ak Konsomatè a 4-6; kòmantè Sant Acadia a 5; kòmantè Akò Limyè Cape a 9; kòmantè NECEC a 3; kòmantè Vil Boston an a 8).
- F. Anplis pwoteksyon ki deja genyen pou anpeche yo dekonekte sèvis elektrik moun pandan mwa ivè yo, yo dwe pwolonje pwoteksyon sa yo pou lè gen gwo chalè tou ak lè gen move kalite lè (kòmantè Konpayi Distribisyon yo a 31; kòmantè Avoka Jeneral la a 25; kòmantè NCLC a 18-21; kòmantè LEAN a 9-10; kòmantè Vil Boston an a 5-6; kòmantè NECEC a 3; kòmantè Akò Limyè Cape a 14-15).⁴

III. PWEN NOU POKO PRAN DESIZYON SOU YO

A. TDR oswa PIPP

Depatman an te jwenn kontribisyon konsènan ni PIPP, ni TDR. Anpil kòmantè te ankouraje nou eksplore PIPP yo plis toujou; yo fè konnen PIPP yo ka pèmèt gen enèji bon mache avèk presizyon sou baz revni aktyèl fanmi an (kòmantè Avoka Jeneral la a 1; kòmantè ACEEE a 2; kòmantè Sant Acadia a 2-3; kòmantè NCLC a 2-3; kòmantè NECEC a 3).⁵ Epitou, anpil moun te rekonèt frè administratif yo pi wo, gen enkyetid anrapò ak konfidansyalite, ak jan l konplike pou aplike PIPP paske yo bezwen adapte rabè a parapò ak revni toutbon fanmi an, tout sa yo ka anpeche moun patisipe (kòmantè Avoka Jeneral la a 1; kòmantè NCLC a 3; kòmantè CLF a 3-4).

⁴ Anpil moun nan mas pèp la te fè kòmantè tou ki te soutni ide kòmkwa yo kite pwoteksyon ki anpeche yo debranche moun sou kouran pandan mwa ete ki fè cho anpil yo e moun bezwen klimatizè.

⁵ Anpil moun nan mas pèp la te fè kòmantè tou ki te di yo prefere limite bòdwo a yon sèten pouvantaj revni.

Avoka Jeneral la te rekòmande yo melanje avantaj ki gen nan PIPP yo ak sa ki nan TDR yo lè yo ajoute yon to rabè debaz ki fiks pou PIPP yo yo aplike otomatikman pou fanmi ki montre yo kalifye fiskaske yo jwenn rès done yo bezwen pou administre PIPP a (kòmantè Avoka Jeneral la a 2; gade tou kòmande CLF a 4 (ki te di pou yo gen yon opsyon kredi ki fiks pou PIPP nan Pennsylvania ak New Jersey ki fonksyone kòm yon kredi fiks chak mwa pou bòdwo)).

Anpil nan menm kòmantè sa yo te note yon TDR t ap mwens presi pase yon PIPP, men 1 t ap koute mwens, li t ap pi fasil nan domèn administratif la, epi 1 t ap pi fasil pou mete anplas (kòmantè Avoka Jeneral la a 1-2; kòmantè CLF a 5). Gen kèk moun ki te note kliyan ta ka enskri otomatikman nan TDR san yo pa oblige fè depans pou aplike e administre 1 (kòmantè Avoka Jeneral la a 1-2; kòmantè CLF a 5). Konpayi Distribisyon yo prefere yo itilize TDR paske yo pèmèt plis souplès ak mwens depans epi yo pa mande pou konpayi a kenbe enfòmasyon konfidansyèl sou revni fanmi yo (kòmantè Konpayi Distribisyon yo a 7-9). Epitou, Konpayi Distribisyon yo te fè konnen si nivo revni yo ase laj, ti varyasyon nan revni fanmi yo pa t ap fè fanmi an oblige chanje nivo oswa to rabè ki mache avè 1 la (kòmantè Konpayi Distribisyon yo a 9). Gen kèk kòmantè ki pa t ofri yon preferans, yo te jis di nou dwe egzamine toude opsyon yo (kòmantè Akò Limyè Cape a 5; kòmantè DOER a 7-8; kòmantè MAPC a 3).

Pakonsekan, Depatman an detèmine kesyon sa a dwe fokis sou devlope TDR olye de PIPP. Rezon prensipal pou sa a se pou facilite yon chanjman kote nou pral aplike pwogram to rabè aktyèl la ki pral pèmèt nou abòde enèji bon mache epi bay kliyan yo bonjan byenfè pi vit, yolye yo oblige fè yon bon ti tan ap tann. Sou baz to rabè aktyèl yo pou fanmi revni fèb yo, n ap

ka aplike TDR yo pi fasil toutpandan nou fè mwens depans administratif e nou mande mwens de fanmi k ap patisipe yo pase si se te PIPP. Epitou, nou note TDR yo te aplike nan New Hampshire ak demach y ap eksploré nan Rezo Nasyonal pou gen yon to de baz pou konpayi distribisyon l yo, D.P.U. 23-150, gendwa bay egzanp entrikatif ki ede ankèt sa a. Nou detèmine tou nou dwe pousuiv yon chema TDR ki sible sèten nivo konsomasyon enèji pou kliyan kouran ak gaz, avèk yon ti varyasyon posib toudepan de ki sous enèji yo itilize pou chofe kay la.

Piske nou deside pou n konsantre ankèt nou sou TDR ki sible konsomasyon enèji, nou ofri plizyè kesyon ak pwoblèm pou n egzamine plis, san wete kesyon konsènan desizyon sou ki nivo konsomasyon enèji pou n fikse ak chak ki lè pou n revize nivo rabè yo pou si yo bezwen ajiste. Nou site kesyon sa yo pi devan nan Seksyon IV.B.

B. Jwenn Revni ki Manke

Depatman an te chèche kontribisyon sou fason yo pral jwenn revni yo pèdi akoz pwogram enèji bon mache yo. Pou kounye a, yo jwenn lajan yo manke poutèt rabè ak sa yo pèdi poutèt pwogram jesyon dèt yo (“AMP” ann anglè) sèlman pa mwayen faktè ajisteman èd rezidansyèl la (“RAAF” ann anglè) atravè tout nivo to nan zòn sèvis chak konpayi. Rezo Nasyonal la ak Eversource prefere kenbe RAAF la jan li ye a nan tèritwa sèvis yo yon fason pou kliyan yo pa sibvansyone kliyan ki andeyò tèritwa sèvis yo (kòmantè Konpayi Distribisyon yo a 20). Berkshire, Liberty, ak Unitil soutni yon apwòch ratrape lajan pou tout eta a paske yo sèvi yon kantite kliyan ki pi piti (sitou kliyan rezidansyèl), zòn sèvis yo gen ladan yo yon pi gwo kantite popilasyon Jistik Anviwònmantal, kliyan revni fèb, ak fanmi ki gen konsomasyon enèji ki

pi wo pase lòt zòn nan eta a (kòmantè Konpayi Distribisyon yo a 20). Kidonk, Berkshire, Liberty, ak Utilil fè konnen yo dwe pataje pèt ki fèt akoz pwogram enèji bon mache yo atravè tout eta a, sa kapab yon apwòch ki jis e ekilibre pou jwenn lajan ki pèdi yo (kòmantè Konpayi Distribisyon yo a 20-21). Avoka Jeneral la ak Akò Limyè Cape la te sijere nou eksploré opsyon pou n jwenn lajan ki pèdi yo atravè tout eta a (kòmantè Avoka Jeneral la a 18; kòmantè Akò Limyè Cape a 10).

Kèk kòmantè te rekòmande kliyan ki jwenn rabè yo pa dwe peye depans ki gen rapò ak bay rabè yo jwenn pa mwayen RAAF (kòmantè NCLC a 6-7; kòmantè Akò Limyè Cape a 10). Gen lòt kòmantè ki te rekòmande nou mennen plis ankèt sou ki jan pou peye depans sa yo pa mwayen sibvansyon pou moun ki peye enpo, fon leta oswa fon federal, ak kontribisyon moun ki enplike yo (kòmantè Avoka Jeneral la a 18; kòmantè Sant Acadia a 5; kòmantè NCLC a 25; kòmantè Akò Limyè Cape a 10; kòmantè Vote Solè a 2-3).

Pakonsekan, Depatman an detèmine pou yo rejwenn lajan ki pèdi poutèt yo bay rabè, yo dwe kontinye pran 1 pa mwayen RAAF chak konpayi genyen, atravè tout klasman kliyan. Sepandan, Depatman an ofri plizyè kesyon pou eksploré si n dwe fè chanjman nan strikti aranjman ki gen kounye a, tankou si nou dwe rejwenn lajan sa yo atravè chak eta, si moun ki enplike yo dwe kontribye, ak si fon leta yo oswa fon federal yo ta ka yon lòt sous kontribisyon tou. Epitou, nou note Lwa Jeneral (G.L.) chapit (c.) 164, paragraf (§) 1F(4)(i) fè konnen “depans pou bay rabè konsa dwe fè pati to yo mande tout kliyan konpayi distribisyon yo peye”, sa ki soulve yon kesyon si moun ki resevwa rabè konsa dwe peye lajan ki manke a tou. Pi ba a, nan Seksyon IV.C, nou soulve lòt kesyon ki gen rapò ak fason pou n rejwenn lajan ki pèdi akoz rabè yo.

IV. DOMÈN POU N FOUYE TOUJOU/KESYON KI POKO FIN REPONN

A. Entwodiksyon

Anplis domèn tout moun antann yo ak desizyon nou pale pi wo yo, Depatman an idantifye kesyon ki merite pou n kontinye chèche repons ak kòmantè sou yo nan men moun ki enplike yo. Pakonsekan, Depatman an mande moun ki enplike yo pou yo fè kòmantè sou nenpòt nan kesyon ki vin apre yo. Depatman an moun ki enplike yo pou yo bay done si genyen e pou yo idantifye lwa oubyen regleman ki gendwa anpeche nou mete anplas politik yo prefere yo kote sa awopriye.

B. Detay sou TDR yo ak konsomasyon enèji pou n fiks

1. Ki nivo pou n fikse antanke konsomasyon enèji antou pou chak fanmi ki mwens pase 6 poustan pou TDR yo pou n ka pote byenfè pou plis kliyan posib? Ki jan pou yo pataje konsomasyon enèji yo fikse a ant gaz parapò ak kouran? Ki jan yo dwe pataje 1 ant chofaj parapò ak lòt enèji ki pa gen rapò ak chofaj?
2. Ki avantaj ak dezavantaj ki gen nan itilize poustantaj revni mwayèn zòn nan (“AMI” ann anglè) parapò ak poustantaj revni mwayèn eta a (“SMI” ann anglè) pou detémine si yon fanmi kalifye ak nan ki nivo li ye?
3. Chak ki lè pou yo revize strikti TDR la ak montan yo, yon fason pou asire li tonbe daplon ak chanjman ki fèt nan pri enèji yo, lavi chè, itilizasyon, oswa lòt faktè konsa?
4. Èske rabè a dwe varye selon itilizasyon?
5. Èske rabè a dwe varye selon si moun nan resevwa lòt byenfè menm jan an?
6. Èske yo dwe entegre nivo konsomasyon yo nan TDR yo?

C. Jwenn lajan ki pèdi akoz rabè yo

1. Èske kliyan ki jwenn rabè yo dwe eskli pamí moun ki oblige peye lajan ki pèdi yo, e si wi, ki jan pou yo fè sa (pa egzanp, èske yo pa dwe oblige peye RAAF la)?
2. Èske rejwenn lajan ki pèdi yo dwe fèt atravè tout yon eta (epi yo separe gaz parapò ak kouran) olye de atravè yon itilite?

3. Èske moun ki enplike yo dwe kontribye pou rejwenn lajan ki pèdi yo, e si wi, ki jan? Èske moun ki enplike yo benefisyé si gen to rabè ki pi laj ki disponib?
4. Ki avantaj ak dezavantaj ki gen nan itilize lòt fon, tankou fon federal oswa fon leta, pou rejwenn lajan ki pèdi yo? Ki lòt fon federal oswa fon leta ki deja ap ede avèk konsomasyon enèji yo? Si yo itilize fon federal oswa fon leta pou jwenn lajan ki manke yo, ki jan pou yo entegre fon sa yo nan fòmil RAAF la?

D. AMP

1. Èske tout Konpayi Distribisyón yo dwe striktire AMP yo menm fason an? Èske yo tout dwe itilize yon fòmil standa pou nivo dèt yo padone chak ane pou kliyan ki kalifye yo?
2. Èske yo dwe ofri kliyan ki nan nivo revni 60 a 80 pouzan AMI/SMI yo AMP?

E. Debranche kliyan ki pa peye

1. Èske yo dwe entèdi yo debranche kliyan ki pa peye yo kèlkeswa lè oswa sezón nan ane a?
2. Èske yo dwe elimine frè pou rebranche kliyan ki kalifye pou yo jwenn rabè? Si yo elimine frè pou rebranche kliyan ki jwenn rabè yo, ki depans sa pral mande?
3. Èske yo dwe elimine frè pou rebranche tout kliyan?⁶ Ki depans sa pral mande si yo elimine frè pou rebranche tout kliyan?
4. Tanpri, pale de avantaj ak dezavantaj ki mache ak si yo ta sispann debranche kliyan ki pa peye yo pandan tout peryòd ete a olye de sispann debranche kliyan ki pa peye yo sèman pandan peryòd gwo chalè yo oswa peryòd kote lè a pa bon. Kòm yon pati nan repons lan, tanpri, fè kòmantè sou nenpòt efè chanjman nan domèn lwa oswa regleman sa t ap genyen si yo pote chanjman nan fason yo debranche kliyan ki pa peye yo pandan mwa ete yo oswa pandan peryòd gwo chalè oswa lè ki pa bon.

⁶ Konpayi Distribisyón yo pa mande frè pou rebranche (kòmantè Konpayi Distribisyón yo a 30).

F. Enskripsyon ak verifikasyon

1. Pou Konpayi Distribisyon yo, tanpri, esplike pwosesis chak konpayi genyen kounye a pou enskri kliyan yon fason otomatik nan to rabè yo.
2. Pou Konpayi Distribisyon yo, tanpri, esplike ki pwosesis chak konpayi genyen kounye a pou enskri kliyan nan to rabè yo tout mwayen yo itilize ki pa enskripsyon otomatik.
3. Chak ki lè e pa mwayen ki pwosesis kliyan yo dwe reverifie si yo kalifye?
4. Èske yo dwe itilize òganizasyon kominotè dakson yo (“CAA” ann anglè), Òganizasyon Kominotè (“CBO” ann anglè), ak òganizasyon leta pou facilite enskripsyon ak verifikasyon oswa reverifikasiyon, kit se yon fason otomatik, kit se pa yon fason otomatik, e si wi, ki jan?
5. Èske òganizasyon leta yo dwe tabli yon “sèl kote” pou moun enskri, verifye, epi reverifie nan tout pwogram èd leta yo, sa gen ladan 1 AMP, to rabè, ak pado pou pa debranche yo, e si wi, ki jan?
6. Tanpri, esplike si gen yon gwoup fanmi oubyen kliyan an patikilye ki kalifye pou yo jwenn rabè, men yo pa jwenn rabè a, epi esplike baz desizyon sa a. Bay done ak analiz pou soutni repons ou oswa esplike ki analiz ki bezwen fèt pou pran yon desizyon konsa.
7. Ki gwoup kliyan ki kalifye ki difisil pou enskri nan rabè e poukisa?
8. Èske nou dwe devlope yon pwosesis kote moun ka enskri tèt yo poukont yo, e ki jan pou n fè sa?
9. Pou Rezo Nasyonal la ak Opower, esplike pwogram yo te eseye pou ogmante enskripsiyan nan pwogram èd finansye yo (ki te kòmanse ann ete 2023) epi bay done yo ak rezime sou done sa yo.

G. Sansiblizasyon

1. Pa mwayen ki metòd Konpayi Distribisyon yo dwe fè plis efò pou yo fè kliyan yo konnen si yo ant 200 poustan nivo povrète federal la ak 60 poustan SMI, yo kalifye pou rabè?
2. Èske yo dwe sible kliyan ki nan zòn kote yo konn debranche plis moun ak kliyan ki plis dwe oswa ki AMP, anplis popilasyon jistis anviwònmantal yo ak lòt demografik, epi ki jan pou yo fè sa?

3. Èske yo ka itilize CAA ak CBO pou fasilite sansiblizasyon?

V. MANDE KÒMANTÈ

Depatman an ap chèche kòmantè ekri sou nenpòt oubyen tout nan pwen ak kesyon ki pi wo yo anvan **5:00 P.M. nan dat vanredi 1 novanm 2024**. Nou ankouraje moun ki enterese yo pou yo prezante pozisyon tout moun dakò sou yo e pou yo fè kòmantè ansanm avè yo lè sa posib. Yo dwe remèt Depatman an tout kòmantè yo yon fason elektwonik nan yon attachman nan yon imel bay dpu.efiling@mass.gov ak laurie.e.weisman@mass.gov. Fòk tèks imel la presize: (1) nimewo dosye a (D.P.U. 24-15); (2) non moun oswa antite ki depoze kòmantè a; ak (3) lefètke dokiman an se yon kòmantè ekri. Mete sou sa, mesaj la dwe gen ladan 1 non, tit, ak nimewo telefòn yon moun yo ka kontakte si yo gen kesyon sou sa yo voye a. Yo dwe depoze tout dokiman nan fòma elektwonik e y ap poste yo sou sit wèb Depatman an; pou jwenn yo, yon moun dwe ka chèche nimewo dosye a nan baz done dosye a nan

<https://eaonline.eea.state.ma.us/DPU/Fileroom/>.

VI. LÒD

Pakonsekan, apre anons, kòmantè, ak konsiderasyon ki merite:

LÒD YO PASE: Depatman an dwe voye yon kopi Lòd sa a bay tout moun ki sou lis distribisyon an pou afè sa a; epi

LÒT LÒD YO PASE: Delè pou kòmantè ekri yo a se 1 novanm 2024.

Selon lòd Depatman an,

[Siyati]

James M. Van Nostrand, Prezidan

[Siyati]

Cecile M. Fraser, Komisè

[Siyati]

Staci Rubin, Komisè